


KIYI YEPA MUKOVA

 Mukana wakanaka wekuva patabhenakeri! Zvanga zvisina kunyanya kutarisirwa kwandiriwo, zvakare. Ini, ndichiziva kuti husiku huno husiku hwechirairo, ndinogara ndichifarira, kana ndiri chero kupi zvako kwandiri, kuuya kuchirairo. Nokuti ndicho. . . Ndinofunga kuti Makristu ese anofanira kutarisira kutora chirairo, nekuti Jesu akati, “Kana ukasachidya, hauna mugove neNi.” Naizvozvo, zviri. . . nguva dzose mukana mukuru ku—kuuya mutabhenakeri. Zvino, manheru ano, Hama Neville vati vanga vakati shoshomei zvisihoma, uye—uye vachida kuti nditaure kuungano yedu. Ndavaudza kuti ndingafara kuti ndidaro. Ndinoda kuzivisawo zvakare kuti kana. . .

² Mangwana manheru musangano wevarume, matirastii, mangwana manheru, nevarume vemabhezimu pano vechechi, pamusangano wavo wemazuva ose weMuvhuro manheru uye newavo. . . vane sarudzo yekuita nemuridzi webasa. Ndinodaira kuti mese munonzwisisa kuti mapepa edu—edu—edu akazoita, uye tiri kuzokwanisa kuvaka chechi. Uye saka zvinopfuurira mberi, uye zvichida zvichatanga vhiki rino. Chechi inotanga vhiki rino, sekuziva kwangu. Zvino vakatirambira maringe nezvayo, muno muJeffersonville. Asi takaenda kuIndianapolis, iro dunhu racho, uye vakatipa mvumo, saka tichaivaka. Uye saka inotanga, zvichida, vhiki rino. Zvichazivikanwa mushure memusangano mangwana manheru. Uyezve mushure memusangano mangwana manheru, kana vakasatanga vhiki rino, kana chimwe chinhu chikaitika, murudzi webasa akatadza kutanga vhiki rino, ari kuzotanga ipapo vhiki rinotevera racho.

³ Zvino kupera kwevhiki rino riri kuuya, Mugovera manheru, Svondo mangwanani neSvondo manheru, evhiki rinouya, Mugovera uno neSvondo iri kuuya iyi, Ishe vachitendera, ndinoda kuva nemu—mu—musangano wemasevhisi 3, zvakare, sezvatakaita mavhiki mashoma apfuura. Uye zvakare mushure isu. . . Uchange uri Mugovera manheru, uye tevere Svondo mangwanani, tevere Svondo manheru. Uno unotevera, uchange uri musi wa 13 ne 14 wemwedzi uno.

⁴ Uye zvakare dzimwe hama neni tichazoenda mushure menguva iyoyo, takananga kuColorado, parwendo rwokunovhima, tozodzoka hedu. Kana tabhenakeri, kana yapera, kana kuri kuda kwaShe, ndinoda kutora, zvichida, vhiki rese ndisati ndaenda zvakare kumisangano, uye ndova neZvisimbiso Zvinomwe zvaZvakazarurwa. Tisati. . . Sekuva kwatakava nako *Mazera Manomwe EKereke*, zvino Zvisimbiso Zvinomwe zvinotevera Iwayo.

⁵ Uye zvichida mumavhiki angaita 2 kana 3 anotevera, nekuti

ndinofunga vanoti ivo, nevarume vavachaisa pairi, vanogona, tinogona kuvaka tabhenakeri tova nayo mumazuva angangoita 10, kana 15, zvimwe zvakada kudaro. Zvino tichava nenzvimbo yekugara pano inokwana vanhu vakapetwa kaviri vevatinavo, kana katatu, zvichida vanhu vanodarika. Uye ndiyo nzira yandanga ndakamirira kusvikira panguva iyoyo.

⁶ Nokuti, Mugovera wapfuura neSvondo, zvaive zvisina kumira zvakanaka, munoziva. Vanhu vakanga vakamira kunze kuno na 2 o'clock masikati, kuti vazadze tabhenakeri, chechi isati yatombohurwa. Mangwanani anotevera, na 5 o'clock, mukoti anogara pamba iri parutivi rweyangu, achibva kumusoro uko, akati, "Panga paine vanhu vakangozara patabhenakeri na 5 o'clock mangwanani." Saka, uye zvakare vanhu, pavanopinda, hapana nzvimbo, zvino vanoodzwa mwoyo vobva vaenda. Uye—uye zvakare avo vakamira, uye vakaungana uye vakatsvikinyidzana munzira dzepakati pemacheya, vanonzwa kuva vakamanikidzika, nezvose. Uye ndinoona madzimai akamira ipapo, achidikitira, munoziva, saizvozo, uye dikita richiyerera kubva pavari. Uye mumwe murume opa, mumwe mudzimai chigaro chake; uye obva azomira kusvikira makumbo ake ave kurwadza, zvino mumwewo munhu anozomupa. Munoziva, nezvakadaro, uye zvinosiririsa, uye vanaamai vane vana vaduku vari kurwara nevamwe vakadaro, zvakaipa.

⁷ Saka, tiri kuyedza kubvisa izvozvo zvino nekuvaka tabhenakeri yakakura zvakawedzerwa. Zvino tichava nenzvimbo yakanaka iyo vana, imwe nguva...uye kuvhiringidza, sevana vaduku vachichema; saka, tichava nekamuri yekuitira izvozvo, kuitira kuti vanaamai vapindemo, vachiona zvakare shumiro, uye yotepfenyurwa mukamuri macho chaimo. Uye tova nemakamuri eSunday school nezvose zvakarongwa chaizvo nenzira yazvinofanira kunge zviri. Uye izvozvo, kana Ishe vachitendera, zvinoitika, tichipinda muvhiki iri riri kuuya.

⁸ Mese makavhotera zvizere pazviri, saka takabatirira chaizvo pazviri, munooona. Chechi inozvitonga yega. Zvinotaurwa nechechi, ndizvo zvezviri. Matirastii kana hapana mumwewo munhu...Matirastii anongori, mumwe nemumwe, vhoti 1. Mufundisi vanongori vhoti 1. Ichechi, izvozvo kuti i—igutsaruzhinji yechechi, kuzvitonga kwechechi. Chechi, yose, ndiyo inotaura. Ndizvo zvoga. Uye tinozvifarira, nokuti hatina mabhishopi kana zvinzvimbo zvehukuru kana vatariri kana vamwe vakadaro vekutiudza *izvi*, *izvo*, kana *zvimwewo*. Mweya Mutsvene uri muchechi, ndiwo unotaura. Ndinofarira murairo iwoyo, uye wakanaka kwazo.

⁹ Uye ndakabvunza, "Mese mungada here kumirira kusvikira tawana zvinokwana kubvisa tabhenakeri uye tovaka chechi huru?" Zvaive pabhodhi rematirastii, zvino hazvaigona

kupedziswa nematirastii. Zvino vakabva vandikumbira, semutariri mukuru, kuti ndiuye kuzobvunza chechi. Saka ndakati, “Zvino tave nemari yakakwana yekuwedzera kukura kwechechi nekuigadzirisa yese zvakasiyana, uye nezvose, pane yataiva nayo.” Ndakati, “Zvino tinogona kutozviiita izvozvi, kana kuchengetedza mari yedu kusvikira tawana inokwana kumisa chechi yakakwana, itsva, pane imwewo nzvimbo.”

¹⁰ Zvino takavhotera pamusoro pazvo muchechi, uye zvavhoterwa nemunhu wese kuti “tivake chechi iko zvino, uye kungori kuvaka chechi hombe izvozvi.” Zvino takagara chaizvo nazvo.

¹¹ Zvino bhodhi remuno muJeffersonville rakatirambira, vakati hataikwanisa kuzviita. Zvino takaikwidza kumusoro, ndokuenda kuIndianapolis ndokuisa Hurumende munyaya yacho. Ndokubva vatumira shoko, rekuti, “endererai zvenyu mberi,” tine kodzero yekuivaka. Saka zvino guta harina chekuita nayo zvino, iHurumende inofanira kuzviita. Saka zvino tine mvumo, uye muridzi webasa ane gwa—gwaro remvumo muruoko rwake izvozvi, uye ndinodaira kuti vagadzirira kutanga chero nguva.

¹² Izvi mangwana manheru, kana—kana murudzi webasa akati anoda kutanga vhiki rinouya, ndinobva ndangosiya misangano yacho...kusvikira tapinda mu*Zvisimbiso Zvinomwe*. Zvino kana murudzi webasa asingakwanise kutanga vhiki rinouya, zvino Svondo inotevera yacho, Mugovera neSvondo, ndinozova nemusangano ndisati ndaenda.

¹³ Zvino ndanga ndiri kuzova nawo Svondo ino, ndokubva ndazoono kuti manheru ano anenge ari manheru echirairo, saka ndakasiyana nazvo Svondo ino. Nokuti, mhomho yakada, haugone kutora chirairo zvakasununguka, uye ipapo kana tava nechechi huru tinozokwanisa.

¹⁴ Zvino, tina Purezidhendi vari munzira kuuya. Uyo... oo, munoziva zvandiri kureva, achangopihwa kumhuri yekwaHickerson nguva pfupi yapfuura. Uye hanzvadzi yedu inoridza piyano, kana vakauya votipa kakodhi kadiki papiyano, kechokuti “Vaunzei Mukati,” kana mungadar, kana kamwewo karwiyo kadiki kemhando iyoyo. Kamukomana kadiki kakanaka aka mumhuri yekwaHickerson, kana kakatarisirwa kwenguva yakareba kwazvo, kazosvika. Kamuchinda kadiki kakanaka kwazvo, uye iye chokwadi ibwe rinokosha kune vekwaHickerson. Uye vese mabwe anokosha kwatiri, tinovada uye ihama nehanzvadzi yedu chaizvo. Tinotenda nekuva nemudiki uyu achizvarwa mumhuri yavo, izvo zvaunza shanduko huru kumhuri yacho. Uye kana ivo, baba namai vakaunza muchinda mudiki uyu zvino kuti akumikidzwe. Zvino, Rugwaro rwunoti, “Vakaunza kwaAri vana, vacheche, kuti Aise ruoko rwaKe pamusoro pavo nokuvaropafadza.”

¹⁵ Zvino, kune vanhu munyika vanotenda mune zvavanodaidza kuti “rubhabhatidzo rwevacheche.” Uye, ndiko kuti, vanotora vadiki ava havatovabhabhatidze zvachose, nokuti, vanongosasa tumvura pavari. Zvino, hapana patinozviwana chero papi hapo muBhaibheri, pavakambosasa chero ani zvake, vanhu vakuru, ko kuzoti vana.

¹⁶ Uye saka rubhabhatidzo kupupura kuti basa remukati renyasha rakaitwa. Uye vacheche vadiki havana ruzivo rwechivi. Naizvozvo, Jesu paakafa pamuchinjikwa, Akafa kuti avise chivi cheniyika. Zvino kana mwana ava munhu, uye ozvarirwa munyika ino, havana chitadzo chavo pachavo, naizvozvo havana kutendeuka kwavangaita. Asi, kana iro, Ropa raJesu Kristu rinobvisa chivi ichocho. Chokwadi, mwana anoberekerwa muchivi, oumbwa mukusarurama, ouya munyika achitaura nhema, uye ivo vatadzi pahunhu hwepamasikirwo, asi Ropa raJesu Kristu rinoyananisira izvozvo. Asi kana mwana asvika pazera rekuzvidavirira, uye ave kuziva chakanaka nechakaipa, zvino anofanira kutendeuka pane zvaanenge aita. Chivi chake zvino ndicho chivi sezvaakangozvarirwa muchivi, chivi chemunhu, chivi zvino ndicho chivi chakaitwa naAdhamu naEvha; uye ichocho chakabviswa naMwari, neRopa raJesu Kristu. Zvino mwana haana zvitadzo zvekutendeuka pazviri kusvikira azotadza, zvino anofanira kutendeuka. Maona? Uye kana atendeuka, ndiyo nguva yokubhabhatidzwa, uye anobva abhabhatidzwa nokunyudzwa.

¹⁷ Kusvikira panguva iyoyo, tinotevedzera kuraira kweBhaibheri, kunova kuti, “Vakaunza vana vaduku kuna Jesu, kuti Aise maoko aKe pamusoro pavo nokuvaropafadza.” Mubereki akanaka uyu manheru ano anounza mwana mudiki uyu kuna mufundisi neni, kuti akumikidzwe. Uye vanonzwa kuti kumuisa mune akamiririra maoko aKristu, vari kumuisa mumaoko aKristu. Zvino, nokutenda, tinoendesa mwana kuna Mwari, kuti titende nekuda kwekumuunza pano, uye tokumbira Mwari kuti vamuropafadze, zvatinodaidza kuti “kukumikidzwa kwevacheche.”

¹⁸ Zvino, munoziva zvandaizoita nevana vangu ini. Ndine mwanasikana mudiki ari muKubwinya manheru ano, uye akakumikidzwa kunaShe, pano paartari. Ndine mukomana mudiki nemusikana vakagara kumashure uko, manheru ano, vasati vabhabhatidzwa nazvino. Mumwe wacho, ane 11, ndange ndichitaura naye nezvazvo nhasi, Sarah, zverubhabhatidzo. Uye Joseph anongova ne 7 chete, saka achiri mudiki kwazvo kuti adaro, nazvino kusvika... Kana iye akazvishuvira, uye oti Mwari vari kuzviisa pamwoyo wake, ndinozoviita ipapo. Asi, sevacheche, ndinongovakumikidza kunaShe, nekuti ndiyo dzidziso yeMagwaro pamusoro pazvo.

¹⁹ Hama Neville, kana mukafamba muchiuya neni zvino kuenda kumukomana akanaka uyu. Ndanga ndichitya...

NdiHollin here uyo? Hollin? Hongu, Hollin, Junior. Stephen Hollin. Zvinoka, zvakana. Oo, ndafunga kuti anga akarara. Ndiwo hunhu hwekwaHickerson, pachero chinhu chiri kuitika. Ndakamuona rimwe zuva, ndikati “Purezidhendi,” nezvimwe zvakadaro. Uye, hongu, izvozvo zvainge zviriri zvidukusa kwaari, munoono, kutaura nezvake sa “Purezidhendi.” Wakadii hako? Zvakana, ndinoziva kuti anozova hupfumi chaihwo kuna chero amai vane humwari. Hamungafungi kudaro here? Anotapira kwazvo. Uye zvino, Hama Hickerson naHanzvadzi Hickerson, semuranda waKristu, semufundisi wenyu, ndinotora mwana uyu, nokutenda, kumuisa mumaoko aJesu Kristu, Uyo wamunoda kuti mumuise mumaoko aKe.

²⁰ Ngatikotamisei misoro yedu apo ini namufundisi takamira pano takaisa maoko edu pamwana.

²¹ Baba vedu voKudenga, muBhaibheri vakaunza kwaMuri vana vadiki, kuti Mugoisa maoko eNyu pamusoro pavo nokuvaropafadza. Uye zvirokwazvo, Ishe, vakaropafadzwa. Uye zvino kutevera muenzaniso weNyu, zvinhu zvaMakaita, takaedza nepedyo kwazvo, Ishe, kuverenga Bhaibheri uye nekutevera muenzaniso wezvaMakangoita. Zvino baba namai ava, Hama neHanzvadzi Hickerson, vadzidzi vedu vanodikanwa vari muno mutabhenakeri, vanounza kwatiri mufaro muduku uyu waMakaisa muchengetedzo yavo. Akabva kwaMuri, Ishe. Makavapa mwana uyu. Uye zvino vanoshuva kupa hupenyu hwake hudiki kwaMuri, kuti hugoshumira kwaMuri. Ndinonamata kuti Muropafadze mwana uyu, kuti Mumupe hupenyu hwakareba. Dai akararama, kana zvichibvira, kuona Kuuya kwaShe. Ndinonamata kuti Mumuropafadze pese paari. Ngaakudzwe mumusha weChikristu, sezvo akazvarirwa mune wakadaro. Uye ngarambe ari mumusha umu. Dai baba namai vararama zvekuzoona mwana uyu ari papurupiti, kana zvichibvira, achiparidza Evhangeri. Vangasva vamuona saizvozvo, Baba, pane kuva pachi—chigaro chehumambo kuWhite House, kana chero kupi zvako, nekuti ivo varanda veNyu, uye vanoshuvira kuti hupenyu hwemwana huve kumikidzo uye neropafadzo kubasa raMwari.

²² Zvino ndinonamata, Baba, kuti Muropafadze mwana uyu. Uye dai nyasha dzaMwari dzauya paari, uye ngaave nehutano nemufaro hupenyu hwake hwose. Uye dai baba namai vakararama kuti vamuone akura, tinokumbira zvakare. Muropafadzei uyo watinoropafadza muZita reNyu.

²³ Uye zvino, Stephen Hollin Hickerson mudiki, ndinokupa iwe kuna Jesu Kristu, kuti maropafadzo atakumbirira auye pamusoro pako. Iva nehutano uye wakagwinya, hama yangu mudiki, uye uraramire kupa Mwari mbiri. MuZita raJesu Kristu tinozvikumbira. Amenii.

Mwari vakuropafadzei. Mwari vakuropafadzei mose. Mwana anotapira kwazvo.

Uko kwatisingazochembere zvachose,
 kusachembera zvachose,
 Munyika iyo yatisingazochembere zvachose;
 Kusambochembera zvachose,
 kusambochembera zvachose,
 Munyika iyo yatisingazochembere.

²⁴ Hazvisi kuzova zvakanaka here? Vechidiki vachava vakuru, uye vakuru vachava vechidiki. Zvino, hazvina kunaka here? Uye hatizombofi takarwara, kana kumbova nekusuwa, kana kutofa.

²⁵ Zvino, shumiro, Hama Neville vazivisa. Ndinoda kuzivisa zvino, zvakare, kuti musangano uya, musaukanganwe, uye nemisangano yavataura nezvayo. Uyezve, Mai Ford vaisiuya kuchechi makore akapfuura, ndichangobva kuvaendesa kumwanasikana wavo, mazuva mashoma apfuura, uye vane makore 80 okuberekwa, ndokuenda kunosangana naShe nezuro manheru na 8 o'clock, ndinofunga kudaro. Uye shumiro dzavo, mufundisi neni tichabata kuchechi yepaCoots Chitatu, na 10–10:30, Chitatu chino chiri kuuya. Mai Ford, Mai... Ndinofunga ndakanganwa kuti ravo... Levi, Mai Levi Ford. Vedu... Ndivo—ndivo amai vaLloyd Ford wamunoono mubhuku rangu, uyo aizondichengetera sutu iya yeBoy Scout, zvino ndikazongowana gumbo rimwe chete rakasara. Zvino, ndivo—ndivo mai vemukomana wacho. Saka ndakavatora rimwe zuva ndikanamata navo, chembere inonzwisa urombo. Zvino vakaenda kunosangana naIshe Jesu.

²⁶ Zvino, kana Ishe vachitendera, ndine chimwe chinhu pano chandingazivisa kuti shumiro, kana dzikazouya muvhiki rino rinouya, kana ndiri ndadziisa muno umu, ndokunge kana ndafunga kuti ndazviita, pamusoro peizvo zvandanga ndiri kuzotaura pamusoro pazvo pane iri ku—ku—kuuya, shumiro iyi iri kuuya yevhiki rinotevera. Kana nda—ndafunga... Ndafunga kuti ndazviisa mubhuku iri, handizive kuti ndazviita here kana kuti kwete. Hongu, hezvinoi izvi. Ishe vachitendera, manheru eMugovera ndinoda kuparidza pamusoro penyaya yekuti *Sei Mumwe Munhu Achirunzira Hupenyu Hwomumwe*. Uye Svondo mangwanani ndinoda kuparidza pamusoro pe*Kuiswa KweChirwi PaPiramide*. Uye Svondo manheru ndinoda kuparidza pamusoro pe*Mutungamiriri Wangu*, musoro wenyaya, *Mutungamiriri Wangu*, pamanheru eSvondo ino iri kuuya. Zvino dai Ishe varopafadza zvinhu izvozvo uye vandibatsire, sezvo ndanga ndiri kunze, uye chingori chitaurwa chidiki kuti ndizvinhongeredze.

²⁷ Zvino manheru ano, tinoda kukurumidza uye tova nezvinhu zvishoma. Gara zviya, ndine tsamba pano iyo—iyo ichangopinda mubhokisi retsamba, iyo Billy atora nguva shoma yadarika,

yekuti dzimwe hama dziri kuMichigan, uye izvi zvinobva kusangano revashumiri rine zvinhu zvakawanda. Ndizvo zvinoita kuti zvinhu zvivhiringidzike, munoona. Kuti, vari kuti ivo pano kuti dzimwe hama dziri kumusoro ikoko vakati ndakavatuma kumusoro ikoko, uye vari kuparidza kuti varume vanofanira kusiya vakadzi vavo votsvaga wavo wepamweya, nekuti—kuti ini handikanganisi zvachose. Kuti hapana... Uye, oo, zvimwe zvezvinhu zvinonyanyisa kutyisa zvamati mambonzwa. Zvino sangano revashumiri rakazvibata, zvino vari kundinyorera tsamba pamusoro pazvo, uye kuti ndakavatuma kumusoro ikoko uye zviri kukonzera nyonganiso yakawanda. Uye vamwe vavo vachiporofita vachitaura kuti mumwe murume ngaasiye mukadzi *uyu* uye aende kunoroora *uyo*. Zvino, chechi ino inoziva kuti hatimirire matakanana akadaro.

²⁸ Tinotenda mune Bhaibheri. Tinotenda kuti kana murume atora mudzimai, ndiye mudzimai wake, uye rufu chete ndirwo rwunogona kuvaparadzanisa. Ndirwo chete. Hatitendi zvinhu zvakaita saizvozvo. Hatitendi mukuita zvekungodanana kusina hunhu, zvakare. Hatitendi muzvinhu izvozvo. Tinotenda Bhaibheri zvemazvirokwazvo, uye iRo roga. Saka ndichangoifotokopa, kopi yetsamba iyi, ndopa mhinduro yangu kwairi ndoyiisa mumagazini, zvino zvicha—zvichagadzirisira nyaya yacho. Ndinovimba zvichadaro, hazvo, kuvapindura.

²⁹ Zvino manheru ano, tisati tavhura Gwaro, ngatitaurei naIshe vedu.

³⁰ Baba vedu vari Kudenga, tiri kuswera kuChigaro cheNyu chekutonga chetsitsi, muZita raIshe Jesu, uYo mukuru uYa Akaburuka kubva muKubwinya kuzotibhedhenurira hupfumi hwepfuma yaMwari. Tinokutendai iMi zvikuru nekuda kwaJesu uyu mukuru uYo aiva kuratidzwa kwaMwari, kwakaitwa kwatiri isu pazvima, uye kubudikidza naYe tine rudzikinuro kubva kuzvivi zvedu. Uye zvino tabva murufu tichienda kuHupenyu, nokuti tinoMutenda. Nokuti zvakanorwa pamusoro paKe, kuti Akati, “Uyo anonzwa Mashoko aNgu uye achitenda kuna iYe akaNdituma, ane Hupenyu husingaperi; uye haachazoyi mukutongwa, asi abva murufu achienda kuHupenyu.”

³¹ Ropafadzai Mashoko eNyu, manheru ano, Ishe. Uye tiri pano kuti titore chirairo munguva pfupi. Mukristu, vagarisani vemuHumambo vachaungana pamaartari, uye ipapo vachatora chatinodaidza kuti “chirairo,” chi—chikamu chidiki che—chechitevedzwa chaMakatisiira, kuratidza kuti tinotenda kuti Makafira zvivi zvedu, uye mukamukazve nezuva retatu, uye muri vapenyu nokusingaperi, uye tichiita izvi kusvikira Madzoka, maererano neMagwaro sezvatinorairwa. Chenesaiwo mwoyo yedu kubva kupfungwa dzakaipa nezvose zvatakaita zvaipesana nokuda kweNyu kukuru. Baba, tiregerereiwo, uye mugotipa nyasha dzeNyu manheru ano. Timedurireiwo zvino Chingwa

cheHupenyu, chiri muShoko, patiri kuRiverenga nekutaura pamusoro paRo. MuZita raIshe Jesu, tinozvikumbara. Amenii.

³² Zvino muBhuku raZvakazarurwa, tichitanga nendima 1 chete, ndinoda kuverenga ndima 20, kana ndima 1 yechitsauko 20.

Zvino ndakaona ngirozi ichiburuka kudenga, iine kiyi yegomba risina hwaro nengetani huru muruoko rwayo.

³³ Zvino ndinoda kutaura, kana zvingava, kana ndingazviti musoro wenyaya kubva pane izvi, kana kuwana chirevo kubva pachinyorwa ichi, kwemaminetsi 20 kana 25 anotevera, ndinoda kuudana kuti, *Kiyi YepaMukova*. Zvino, handishuviri ku—kuati “makiyi,” nokuti Petro akanga akapihwa “makiyi eHumambo.” Asi uyu ndinoda kudana iyi: *Kiyi YepaMukova*. Uyezve pakarepo mushure meizvi, ndinoshuva kutaura zvishoma pamusoro pechirairo, tisati tachitora manheru ano.

³⁴ Zvino, kiyi. Ndinocherechedza pano tichiverenga, kuti Ngirozi iyi yakaburuka kubva Kudenga, iine kiyi muruoko rwayo. Ndinotenda kuti ndiZvakazarurwa 13 kana 19, tinoona zvakare, imwe Ngirozi ichiuya nekikiyi. Uye kiyi ndiyo, basa rekikiyi, kukiinura chimwe chinhu, chimwe chinhu changa chakakiirwa, kana kuti chimwe chinhu chinofanira kukiirwa. Asi kiyi inopihwa nechinangwa ichocho.

³⁵ Zvino, kune mhando zhinji dzemakiyi, nekuti tine pakawanda panoshandiswa makiyi. Kune makiyi ematura. Kune kiyi yeimba yako pachako, kune kiyi yemota yako. Uye tinoadaidza kuti makiyi, uye iwo makiyi. Zvino anogona kugadziriswa mamwe akafanana nawo, kazhinji. Kana epamba, pane dzimwe nguva panogona kugadzirwa, iyo yatinoti, masita kiyi. Nemamwe mashoko, ikiyi yakaita sekugadzirwa iine tumazino, twunoshanda pairo, twuno—twunotenderedza roku neimwe nzira uye inotopotsa yatokiinura chero mukova zvawo, inonzi “masita kiyi.” Ikiyi ine chimiro chemakiyi akawanda, uye inogona kukiinurwa nenzira iyoyo, nedzimba dzedu kana kunyangwe nemota dzedu, inogona kugadziriswa mamwe akafanana nayo. Uye zvakare pane. . .

³⁶ Chero kiyi zvayo haikwanise kukiinura mukova kusvikira yashandiswa neruoko. Inofanira kuva nechimwe chinhu chinoshandisa kiyi yacho. Kiyi pachayo haigone kuzvishandisa. Inofanira kuva nechimwe chinhu chinobata kiyi yacho.

³⁷ Zvakafanana nemaikirofoni iyi yandi—yandiri kutaura kubudikidza nayo. Maikirofoni iyoyo haitaure chinhu. Kunze kwekunge paine chimwe chinhu chinotaura nemairi, haigone kutaura pachayo iyo. Inofanira kuva nechimwe chinhu chinotaura nemairi. Saka, haisi maikirofoni, inzwi kana ru—ruzha rwuri (kumashure) urwo maikirofoni inofambisa kuma—masaisai emhepo, kunzeve yako.

³⁸ Zvino, ndizvo zvazviriwo mukuparidza Vhangeri. Handi isu pachedu, sevashumiri, hatisi isu Evhangeri. Asi isu tinongova zvinofambisa zvacho zvinofambisa Inzwi raMwari kubudikidza nemidziyo yatiri, yevanhu, kumuteereri.

³⁹ Chiratidzo chiri nenzira imwe cheteyo. Hapana chandinoziva chekutura kuchechi panguva ino maringe nechiratidzo. Asi kana Mweya Mutsvene ukaratidza, kutanga, kwandiri chiratidzo, zvino ndinoendesa chiratidzo chacho kuna iye wacho wachakanangana naye. Saka changa chisiri changu, ini, chiratidzo changa chisiri ini, inini. Vanga vari Mwari vapa chiratidzo, uye ini ndokuita sechinofambisa chacho, kuti ndiunze shoko rechiratidzo kuvanhu.

⁴⁰ Zvino, kiyi chinhu chimwe chetecho. Ndiregerereiwo. Kiyi inofanira kungobatwa chete muruoko rwunokiinura mukova. Munoono, rwunofanira kuva ruoko. Zvino, uye mune kiyi yandichataura nezvayo manheru ano, ruoko rumwe chete bedzi rwunogona kubata kiyi iyi, zvino ndirwo ruoko rwekutenda. Ndicho chinhu chega chinogona—chinogona kubata kiyi iyi. Uye maoko anobata mamwe makiyi, zvino zvinotorera ruoko rwekutenda kuita izvozvo.

⁴¹ Zvino, tinotora sekuyi yezivo. Zvino, munhu anofanira, kana ari kuedza kuunganidza zivo, munoono, zvino, pane kiyi yeizvozvo. Pane nzira iyo munhu uyu anofanira kukiinura nayo. Anofanira kuva...kutora mabhuku ake nekudzidza kwake, uye haakwanisi...hapana angamuita kuti azvibate. Vanogona kumudzidzisa, asi anofanira kuzvibata. Uye nzira bedzi yazvingaitwe nayo, anofanira kubata kiyi iyoyo, kuti chimwe chinhu mukati imomo chinobhedhenura kana ku-... chinozarura kwaari zivo yacho yaari kutsvaga.

⁴² Uye kune vanhu vangada kuyedza kuridza piyano, uye ivo...kana mumhanzi. Havazive kuti vanozviita sei chaizvo, asi vanogona kuenda ikoko uye mudzidzisi anogona kupa chidzidzo mushure mechidzidzo, zvino ivo vasingambozvibata kana. Havatongokwanise kubata kiyi iyoyo kune chakavanzika ichocho, kuti mutinhimira neruzha rwechuni nezvimwe zvakadaro zvinorira sei. Zvinotorera kiyi yacho.

⁴³ Uye masvomhu, pane kiyi yemasvomhu, iyo yaunongofanira kubata maitirwo acho. Ndakaona varume vaigona kutora mitsara 4 yemanhamba, uye voisa minwe yavo, chimwe nechimwe cheminwe yavo pamutsara wemanhamba, uye vongouya vachidzika zasi chaizvo saizvozvo zvichida kwemanhamba 5 kana 6 akaturikidzana, voisa mhinduro yacho pazasi. Vachibatidza mitsara 4 panguva imwe chete, chero papi kubva pana 1 kusvika kuna 9. Zvino, ndine nguva yakaoma kubatanidza mutsara 1, kunze kwekunge ndiine minwe nezvigunwe zvakakwana zvekuverenga, kuti—kuti ndibatidze mutsara 1. Handina kumbobvira ndakawana kiyi iyoyo. Asi,

munoono, vamwe vavo vanotongova nekiyi yazvo, vanoziwa maitirwo azvo.

⁴⁴ Uye kune kiya yezivo, munhu anotevera zivo. Pane kiya yesainzi, tsvakurudzo dzesainzi. Zvino, pane, iyoyo ikiya huru. Vanhu vanoitsvaga kiya iyoyo.

⁴⁵ Sepano imwe nguva yapfuura vakawana atomu, uye vakaziva kuti kwaiva nemaatomu, zvino maatomu ndokugadzira mamoleculu nezvimwe zvakadaro. Zvino, vakasvika pakutsvaga, mumwe munhu akatenda kuti kana atomu iroro rakabatanidza zvinhu zvose pamwe chete, kana atomu rikazoshandurwa, zvaizotora chacho charakabata zvochipamura-pamura. Nokuti, zvinhu zvose zvinobatwa neatomu, tinozviziva. Zvino, mbiru iyo yakabatwa nemaatomu. Wakabatanidzwa pamwe chete nemaatomu. Huswa, miti, zvinhu zvose zvakabatanidzwa pamwe chete nemaatomu. Zvino, kana atomu iroro, richitendeuka rose nenzira imwe chete, kana rikagona kupamurwa rodzosa zvakare, zvino rinobva razoparadza. Uye, zvino, vezvesainzi vakuru vanotenda kuti izvozvo zvinogona kuitwa, zvino vakashanda uye vakashanda, uye vakagara awa neawa, uye vhiki nevhiki, gore negore, kusvikira pakupedzisira vakazvikunda.

⁴⁶ Aive, Thomas Edison, ndinotenda kudaro, pachiedza chemagetsi, icho vanoti murume uyu aive neruzivo rwekuti anogona kugadzira chiedza chemagetsi. Ndiye muvambi wegirobhu rechiedza. Zvino aisatomboenda kunorara pausiku. Aitora sangweji muruoko rwake odyo chikafu chake, uye ogara ipapo achifunga uye nokushanda. Pane imwe nzvimbo seri uko kutsi kwendangariro dzake, chimwe chinhu chakamuudza kuti aigona kuzviita. Chii ichochi? Ikiya iyoyo inogona kuzarura nzira yacho.

⁴⁷ Makore mashoma akapfuura, paiva nemumwe—mumwe murume uyo aitenda kuti aiva netarenda rekunyora nyaya dziri mumifananidzo. Akatenda kuti akabata kiya yacho muruoko rwake. Uye aida...akaenda...Aigara kuKansas. Akaenda kumupepeti webepa guru muKansas City, ndokutora zvimwe zvezvinyorwa zvake. Zvino mupepeti akabva ati, “Changamire, hamutomborina tarenda racho. Imi, hapana chikonzero chekuti muyedze, imi—imi hamugone kuzviita.” Asi izvozvo hazvina kumugutsa. Aiziva kuti akanga anaro. Zvino akadzokera zvakarezve ndokudzokerezve, achiedza, asi iye uyu (mupepeti) aimurambira. Pakupedzisira, akaenda kune dzimwe nzvimbo, zvino vakamurambira, vachiti, “Changamire, hamutongorina. Hamugone kuzviita.” Asi zvakadaro akatenda kuti aigona kuzviita. Uye ndiyo nzira yacho, ane chimwe chinhu muruoko rwake! Pakupedzisira, akawana basa rekunyora kamwe kanyaya kadiki, ndinotenda, keimwe nyaya kana chimwe chinhu chechechi, yakada kuita sekanyaya kadiki kemifananidzo kechechi. Zvino akazvirojera kagaraji kadiki

kazere nembeva kana kuti makonzo, umo mbeva dzaingomhanya pose-pose nezvose, mumachira ake ekufuka, zvino akasvika pakucherechedza kamwe kamuitiro kakatsaurwa keimwe mbeva diki. Ipapo ndipo pakavambwa nyaya yaMickey Mouse. Iko zvino yave Walt Disney ine mamiriyoni emari. Sei? Aiva nechimwe chinhu muruoko rwake, uye aiziva kuti akanga akachibata, aiziva kuti aigona kuzviita. Uye ndiyo nzira inoitwa nayo budiriro huru yose. Kana varume nevakadzi vaine chimwe chinhu muruoko rwavo, chavanoziva kuti vanogona kuzviita.

⁴⁸ Poriyo payakarova nyika ino. Izvo, isu tese tinorairwa zvino kuti tiende kunobaiwa jekiseni iri, kuti tiipedze. Poriyo payakarova. . .Nezuro ndaiteerera mumwe chiremba pandaityaira mumugwagwa, mumwe chiremba wekuLouisville. Akati, “Makore mashoma apfuura, apo denda guru rakarova Louisville,” akati, “dai vanhu vakamira pandainge ndakamira, ndokuona maresipireta 57 panguva imwe chete, nevarume, vakadzi, vakomana nevasikana, vakaoma mitezo nechirwere chinonzi ‘poriyo,’ uye pasina chaigona kuitwa nezvayo.” Akati, “Handifi ndakada kuona chinhu chakadaro zvakare.”

⁴⁹ Asi sainzi yakafunga, “Kana pane chinhu chakaipa seporiyo, chokwadi pane chimwe chinhu chekuidzvisa.” Vakarwa, vakamira mumigwagwa nemanjombu, varume vava vanodzima moto, vakabvisa ngowani, uye vakapemha, vakakumbira, vakaita zvese, vachiedza kutsvaga kiyi yekukiinura mukova werusununguko. Zvino, pakupedzisira, mumwe muchinda weChikristu anonzi Salk akawana jekiseni racho. Sei? Paiva nechakaipa chaivepo, paiva nemhondi yaivepo; paiva nekiyi pane imwe nzvimbo yaigona kukiinura rusununguko zvakare kuvanhu, zvino jekiseni raSalk ndiro raiva mushonga wacho mukuru wekurapa. Oo, izvo kiyi inogona kuita! Jekiseni racho rakaunzwa, uye zvino kwave kupedzwa poriyo nejekiseni iri, nokuti kwaiva “kusaneta zvachose uye nokusakanda mapfumo pasi,” kiyi iyoyo yaive pane imwe nzvimbo. Paive nechimwe chinhu chaizodzvirira kubva kwairi, zvino vaive vatsunga moyo kuchiwana.

⁵⁰ Zvino kana pane huipi hwakadaro seporiyo, diphtheria, small pox, yellow fever, tetanus, chiomesa shaya, nezvimwe zvakadaro, izvo sainzi, zvakaipa izvi, yakakwanisa kurwisa, siku nesikati, kusvikira vawana mushonga nozvidzvirira, nokuti zvakaipa, zvinouraya, ko pane mukana wakakura zvakadini wekiyi kuruponeso rwemunhu ari mutorongo rechivi? Pane kiyi yemukova iwoyo, yekusunungura vanhu kubva kwachiri.

⁵¹ Kiyi, kazhinji, kana ichikiinura roku, uye, kana ukawana kiyi, inofanira kuva iri yekune imwe pfuma, chimwe chinhu chakakosha kwazvo, kana kuti hawaizombochikiira zvachose. Kana chisingakodzeri kukiirwa, ingochisiya chakadaro. Asi kana chakakodzera kukiirwa! Saka kiyi kazhinji ndiyo gwa—gwaro racho kune chimwe chinhu, kana kuti nzira

yekupinda kune chimwe chinhu chakakosha. Kiyi, ndizvo zvayakagadzirirwa, zvino, inozokiinura chimwe chinhu chakakosha.

⁵² Zvino tinoverenga muna Mutsvene Johane, chitsauko 10, Jesu akati, “Ndini Mukova wacho kudanga remakwai. Ndini Mukova wacho,” kwete *mumwewo* mukova, “Mukova *wacho*, Mukova wega uripo. Ndini Nzira, Nzira yoga, Zvokwadi, noHupenyu, uye hapana munhu anouya kuna Baba asi nekwaNdiri. Ndini Musuwo kudanga remakwai uye vose vanouya mberi kwaNgu vavengi, mbavha nemakororo.” Ndiye Musuwo kudanga remakwai. Ndiye Mukova weruponeso.

⁵³ “Hakuna rimwe zita rakapihwa pasi peDenga raunofanira kuponeswa naro, kunze bedzi kwekubudikidza neZita raJesu Kristu.” Hapana chechi, hapana sanganano, hapana chitendwa, hapana dzidziso dzechii zvacho; kunze bedzi kwekubudikidza neZita raJesu. Ndiyo—ndiyo Kiyi yacho. Ndosaka Petro akagona kushandisa imwe yawo paZuva rePentekosti! Vaida kuziva kuti vanopinda sei neMukova iwoyo. Akashandisa Kiyi yacho. Zvino pane Kiyi 1 chete, nekuti panongova neMukova 1. “Ndini Mukova wacho.” Zvino Petro aive neKiyi yaWo. Zvino akati, “Tendeukai, mumwe nemumwe wenyu, muhabhatidzwe muZita raJesu Kristu kuti mukanganwirwe zvivi zvenyu, zvino muchagamuchira hupfumi hwaMwari.” Ndiyo Kiyi yepaMukova, zvino Jesu ndiye Mukova wacho.

Pane Mukova 1 chete wekupodzwa, zvino Jesu ndiye Mukova iwoyo.

⁵⁴ Pane Mukova 1 chete werugare. Hongu. “Ndinokupai rugare rwaNgu.” Ndiye Mukova 1 chete kurugare rwechokwadi. Unogona kufunga kuti une rugare. Unogona kuunganidza mari inokwana yekutenga imba yako, unogona kuunganidza mari inokwana yekutengera vana vako zvipfeko, vova nechikafu chekudya, asi unogona kunge wakaunganidza mukurumbira unokwana kuti uve nemukurumbira pakati pevanhu. Asi paunobvisa shangu dzako husiku wogadzirira kurara, pane Chinhu Chimwe chete chinogona kukupa rugare. Ndiko kuti, kana uchiziva kuti wanga uri kuzofa husiku ihwohwo, pane Rugare rumwe chete, uye, kuti, Jesu ndiye Rugare. Ndiye Rugare rwedu.

⁵⁵ Ndiye Kupodzwa kwedu. “Ndini Jehovha Mwari wako anopodza zvirwere zvako zvose.”

⁵⁶ Ndiye Mukova weKudenga. Uye hakuna mumwe mukova kana kuti hapana imwe nzira kunze kwaJesu Kristu. Ndiye Mukova weKudenga.

⁵⁷ Uye zvino Jesu ndiye Mukova kuzvinhu zvose izvi, uye kutenda ndiyo kiyi inokiinura Mukova. Zvino, kana Jesu ari Mukova kuvimbiso dzose idzi dzaMwari, kutenda mubasa raKe rakapera kunokiinura suwo roga-roga rinopinda mupfuma

yose irimo mukati meHumambo hwaMwari. Mazviona? Kiyi ndiyo . . . Kutenda ndiyo kiyi inokiinura vimbiso yese yaAnoita. Kiyi yekutenda inoita izvozvo, kutenda mubasa raKe rakapera. Ndiwo makiyi aya atiri kutaura nezvawo.

⁵⁸ Zvino muna VaHebheru, chitsauko 11, ndine rundaza rukuru rwavo vakanyorwa zasi pano, rwemagamba aya ekutenda. Yakanga iri kiyi, ye—yeMukova, yakamisa miromo yeshumba. Yakanga iri kiyi, kutenda, kwakakiinura matorongo. Kwaiva kutenda, kiyi yekutenda, yakadzima hukasha hwemoto, vakapukunyuka kunocheka kwemunondo, vakaunza vakafa kuhupenyu zvakare. Kwaiva kutenda, kiyi yokutenda muna Mwari mupenyu. Ruoko irworwo, murume iyeye, mukadzi iyeye, anogona kutora kiyi iyoyo yekutenda, vanogona kukiinura vimbiso yese yakaitwa naMwari. Asi kana usina kiyi iyoyo, uri kungotsvanzvadzira, haufe wakaukiinura. Iwe uchaugogodza-gogodza, nekuti kiyi iyi . . .

⁵⁹ Kiyi yese zvayo yakagadzirwa zvakanaka ine tusimbi tunopindirana nayo mukati meroku, uye inotora chimwe chimiro, chimwe chimiro chemakiyi iwayo chekutenderedza tusimbi itwotwo. Zvino kasimbi 1 kasiri panzvimbo, kanovhiringa chinhu chacho chose.

⁶⁰ Nokudaro, ndinotenda muEvhangeri izere, Shoko rose raMwari, rinotupfunura simba raMwari, rinotupfunura maropafadzo aVo kuvanhu. Ndiyo kiyi yepaMukova, inoUkiinura. Oo, magamba makuru aya, vaporofita nevarume vakuru vava vemuBhaibheri, vaiva nekiyi iyoyo! Ndicho chikonzero vaikwanisa kumisa miromo yeshumba, kudzima hukasha hwemoto, kupukunyuka kunocheka kwemunondo, kudzorera vakafa kuhupenyu zvakare, nokuita mhando dzese dzezvishamiso, imhaka yokuti vakabata kiyi iyoyo uye vakaziva kuti yaishanda, nokuti yaiva kiyi yakaberekwa neMagwaro.

⁶¹ Zvino, kana ndiri kutsvanzvadzira nekiyi yechitendwa, handizive zvaichaita. Kana vakati ivo “chechi yangu inodzidzisa *izvi*,” handizive nezvazvo izvo.

⁶² Asi kana Bhaibheri richizvidzidzisa, zvino ndobata kiyi yekutenda muruoko rwangu, kana mumwoyo mangu, inotaura kuti “iShoko raMwari,” ichamisa hukasha hwemoto, ichakiinura kupodzwa kwevanorwara, ichakiinura ruponeso kune vakarasika. Ndinofanira kuuya kuMukova, zvose zviri muZita raKe. “Zvose zvamunoita mushoko kana chiito, itai zvose muZita raKe.” Uchiziva kuti kiyi yaunayo kutenda, nekuti ikiyi yakagadzirwa neMagwaro. Zvino, kana iri kiyi yechitendwa, kiyi yesangano, handizive kuti ichaitai. Asi kana iri kiyi yemuMagwaro, inokiinura, nekuti Mwari vakataura kudaro. Zvino, oo, ndosaka vaikwanisa kumisa hukasha hwemoto, nezvimwe zvakadaro, vaiva nekiyi.

⁶³ Kugutsurira kwaMwari kwekutanga kune mumwe wevaporofita ivavo, hapana chaigona kuvamisa. HaVaifanira kuita sezvaVanoita kwandiri imwe nguva, kuramba vachirovedzera kakawanda, uye zvichida newewo (handitarisiri kudaro), asi vanoramba vachindudza kuti, “Enda unoita izvi,” uye wogumburwa uchienda, “Zvino enda undoita *izvi*,” uye “Dzokera unozviita zvakare, hauna kuzviita nemazvo.” Kakungogutsurira kadiki kamwe chete! Kungoti, vachingonzwa Mweya uchivaudza kuti, “Ndicho chinhu chekuita,” zvino hapana chaizovamisa. Hama, ivo—ivo—ivo vakadzivisa miromo yeshumba, vakapukunyuka kunocheke kwemunondo, vakadzima moto, vakaita zvole. Kakungogutsurira kadiki kanobva kuna Mwari, nekuti vaive vakabata kiyi muruoko rwavo, kutenda kukuru kuya! Vakaitira Mwari zvinhu nekuti hapana chaizovamisa. Oo, kubwinya kwakadini!

⁶⁴ Semujaya wechidiki pane imwe nguva akauya kune imwe hama yechikuru yaive mutana ane humwari, muporofita mutana waMwari. Zvino akanzwa murume iyeye achipupura nguva dzose, achitaura nguva dzose pamusoro pekunaka kwaMwari, uye kuti Mwari vaivei, uye kuti Kristu aivei, uye achingoenderera mberi zvake, achitaura. Pakupedzisira, mujaya uyu akanga ari kuzogadzwa mushumiro, naizvozvo akauya kune mutana akachenjera uyu, zvino akati kwaari, “Changamire, ndinoda kukubvunzai mubvunzo.”

Akati, “Bvunza zvako, mujaya.”

⁶⁵ Akati, “Kristu anonyatsoreva chaizvoizvo zvakanyanya kwamuri here sekutaura kwamunoita kuti Anoit?”

⁶⁶ Akati, “Anoreva zvakanyanya kwandiri kupfuura zvandingambogona kufema ndichitaura!” Hezvoka izvo. Chaiva chii? Akanga awana kiyi.

⁶⁷ Mujaya wechidiki uyu akati, pane izvozvo, “Kana muchireva zvinhu izvi, uye muchiti kwandiri zvinongova zvmazvirokwazvo semi, zvino ndinoda kuziva Jesu mumwe chete iyeye, mumazvirokwazvo mamwe chete.” Chaiva chii? Akaziva kuti mutana uyu akanga akabata kiyi, yaaikwanisa kukiinurisa nokukwanisa kukiya.

⁶⁸ Munoziva, kiyi inokiya, inokiinurawo, zvakare. Maona? Unogona kusunungura kana kusunga. Ndizvozvo. Kiyi imwe chete inokiya, inokiinura. Kiyi inokiinura, inogona kukiya. Uye ndizvo chaizvo, munoona, nokuti inoshanda nenzira dzese dziri mbiri. Zvinosiririsa sei kuti chechi yakatorasikirwa nemuono wayo wazvo! Chakava chinhu chinosuwisa kwazvo chechi payakazvitengesa kuzvitendwa, sezvataita nhasi uno, uye zvino todaidzira kuti ngatibatanei.

⁶⁹ Takaona hutungamiri hukuru hweRoma nevamwe pavachanosangana zvino, vachashandura zvimwe zvirongwa. Ndakafunga kuti havana kushandura; asi vachadaro, zvisinei,

kupa muprista mumwe nomumwe simba rapapa, uye—uye chero kupi kwaanenge ari, nezvimwe zvakadaro. Zvinosiririsa chaizvo, kuti chechi yakazvitengesa kudzidziso panzvimbo yeShoko. Maona? Ndipo pavakasiira kiyi yacho, ipapo chaipo. Ndicho chikonzero zvishamiso zvikuru nezviratidzo zvisiri kuitwa pakati pevanhu nhasi, sezvazvaimbova, vakarasa kiyi! Hongu, vanoziva Mukova, vanoziva kuti Mukova uripo, asi chinhu chinotevera ikiyi yacho yekuvhura Mukova. Pfuma iri kuseri kweMukova. Yakavharirwa, kwaisingaonekwe, kubva kune asingatendi. Asi mutendi, ane kutenda uye anogona kutora kiyi yekutenda, anogona kukiinura Mikova iyi. Hongu, changamire.

⁷⁰ Imwe nguva pano makore mashoma akapfuura, kwaiva neimwe hama yaiva mumishinari, zvino yakanzwa kuti yakanga ichidanirwa kuAfrica. Akanga ari muchinda wechidiki; mudzimai nevana 2, vakanaka kwazvo, vasikana vadiki, vangangoita makore 7 kana 8, mumwe nemumwe. Zvino muchinda wechidiki uyu haana kukwanisa kubva pakuri. Aive mu—mushumiri, aiva nechechi yakanaka munyika. Asi haana kutongokwanisa kubva pakudanwa ikoko, iye “anofanira kuenda kuAfrica.” Zvino akanamata, siku nesikati. Akanga asingadi kuenda. Zvino Mwari vakaramba vachitaura naye kuti, “Unofanira kuenda!” Uye pakupedzisira akasvika panzvimbo yekuti iye, pamangange, ekuti, iye—iye anofanira kuenda!

⁷¹ Saka akaenda kubhodhi revakuru vechechi yake, uye akati, “Mwari vakandidana kuminda yekuvhangera kurekure kumasango e—eRhodesia.” Zvino musango iri muzere nemalaria, nefivha uye nezuva racho rinopisa, denda nemaperembudzi, nemhando dzose dzezvirwere seri musango iri, ndiko kwaazoenda kunoita...kuva ari hupenyu hwake hwose. Akatengesa imba yake nezvose zvaava nazvo. Saka boka revakuru remisheni rakada kumuyedza, zvino vakati, “Une chokwadi here zvino?”

Iye akati, “Ndine chokwadi.”

⁷² Vakati kwaari, “Changamire, makazvifungawo here nenzira iyi, kuti mune vanasikana vadiki 2 vane runako, uye mune mudzimai mudiki aka—akaisvonaka, uye kana muri kungo... Madii kungoenda muchinoona kuti zvakamira sei mobva madzoka?”

⁷³ Akati, “Kwete, Ishe vakandiudza. Oo, ndezvemazvirokwazvo chaizvo!” Akati, “Ishe vakandidana. Zvakare ini—ini handidi kusiya musha wangu, handidi kusiya chechi yangu nevanhu vangu, asi Ishe vakandidanira seri ikoko musango iroro.”

⁷⁴ Zvino akati, “Changamire, munoziva here kuti vanasikana venyu vanokwanisa kubatwa neyellow fever kana blackwater fever, zvino vofa, nehusiku humwe chete?” Zvino akataura nezvevanhu vakasiyana-siyana vakanga varasikirwa nevana

vavo, vana vadiki, ndokuvaendesa seri ikoko, pazvirwere zvavakanga vasina mishonga inozvidzivirira. Uye akati, “Funga nezvemaperembudzi, nemudzimai wako akanaka nevanasikana vako vadiki 2 vaine maperembudzi, nezuva iroro rinopisa uye nezvinhu zvaunofanira kunge uchirarama nazvo.” Akati, “Hautyi here, nenjodzi yekutora vana vako nemukadzi munzvimbo yakadaro?”

⁷⁵ Zvino mumishinari akamira ipapo, muchinda wechidiki, misodzi ndokutanga kuyerera nematama ake, akatendeuka, akati, “Hama dzangu! Chiratidzo changu chekudana kwaMwari,” akati, “kana Mwari vakandidana kuAfrica, vana vangu nemhuri vanotochengeteka zviri nani muAfrica kupfuura chero nzvimbo ipi zvayo pasi rose.” Amen. Chaiva chii? Aive nekiyi yekudanwa kwake, aive nekutenda pane zvaaitaura nezvazvo. Oo, ndakafunga, uku kutaura kwehumhare chaiko! Pandakatanga kunzwa izvozvo, moyo wangu wakasvetuka. Munoon, “Kana Mwari vakandidanira kuAfrica, vana vangu mumaperembudzi nematenda nezvimwe zvose, vakatochengeteka zviri nani ikoko kupfuura chero imwe nzvimbo ipi zvayo iri panyika.” Akanga aine kiyi. Ndizvo zvazvinotora.

⁷⁶ Kana wawana kiyi, hapana kutya, hapana kupokana, hapana mubvunzo. Haudi kuti ubvunze mumwe munhu nezvazvo, iwe unonyatsoziva. Unayo mumaoko ako, unoziva zvekuita. Amen. Unoziva zvazvichava, unoziva kuti mukova uchakiinuka. Watarisa tumazino twacho uye unoziva kuti ndicho chinhu chacho chaicho, mukova uchatu bhene’ene kuzaruka pauchaisa kiyi mauri.

⁷⁷ Oo, dai chechi ikangova nemakiyi iwayo! Dai chechi yangova bedzi nekiyi iyoyo yekutenda, taikwanisa kukiinura chero mukova zvawo, chero chirwere zvacho, chero denda zvaro, chero nyaya zvayo iripo. Yaigona kukiinurwa kwatiri dai taingova nekiyi iyi. Murume uyu aive nekiyi yekudanwa kwake.

⁷⁸ Kana mungaregererawo huchapupu hwangu pachangu. Ndinorangarira makore angaite 15, 17 apfuura zvino, zvingada kudaro, apo Ishe vakati kwandiri zasi uko parwizi, paVakaburuka muShongwe yeMoto iya iyo mufananidzo waYo wamunoon, zvino Vakataura neni uye Vakati, “Unofanira kuendesha Mharidzo iyi pasi rose.”

Uye ndinorangarira paGreen’s Mill paVakataura neni.

⁷⁹ Zvino ndakaenda ndikanoudza mufundisi, zvino vakandiudza, vakati, “Billy, wakanga wadyei husiku ihwohwo? Wakarota hope mupengo.” Vakati, “Dzokera kubasa rako. Uri kushanda kuPublic Service Company, une basa rakanaka, dzokera uchengetedze basa rako—rako, mwanakomana.” Vakati, “Wakarota hope mupengo. Wakadya chimwe chinhu.” Hazvina kumbondinetsa nepadiki pose!

⁸⁰ Pandakatanga kuenda kushumiro dzekunamatira vanorwara, vazhinji venyu pano munorangarira Mharidzo yangu mangwanani acho, *SaDhahidhi Achienda Kunosangana naGoriati*, yandakaparidza nezvayo.

⁸¹ Zvino vakandiudza, vakati, “Muzuva resainzi yechizvino-zvino, apo tiine mhando dzese dzetsvakurudzo dzezvekurapa, apo tiine vana chiremba vakanakisisa, apo chechi yakatokanganwa kare zvekupodza kwaMwari nezvimwe kubva kwemakore mazhinji, mazhinji akapfuura, uri kuzoenda sei pamberi pehofori huru yakadaro? Uchafamba sei wakatarisana nemaMethodisti, maBaptisti, Presbyteriani, nevamwe vakadaro, zvakare kunyangwe maPentekosti, vakazvikanganwa kare-kare, ndokupinda muzvitendwa zvavo? Uchatarisana sei, usina sangano kana chimwe chii zvacho chinokutsigira? Uchaita sei, Bill?” Neimwewo nzira, imwewo, hazvina kumbondinetsa nepadiki zvapo, nekuti ndaive ndakabata kiyi muruoko rwangu! Ndakati... Vakati, “Hapana achakutenda. Hauzokwanisi kuzviita. Hapana achakutenda.”

⁸² Ndakati, “Handina basa nazvo. Pane chinhu chimwe chechokwadi; Mwari vakandidana, uye ndinofanira kuenda nokuti Mwari vakandidana.” Ndakabata kiyi. Vakanga vandidana, Vakanga vandiraidza, Vakanga vanditudza, zvino ndakaona Hupo hwaVo paVakandiraira, uye kiyi yakanga iripo!

⁸³ Mufundisi vakati, “Nedzidzo yegiredhi 7, uye uchazoparidza nekunamata pamberi pemadzimambo nemadzishe!”

Ndakati, “Ndizvo maringe neShoko raVo!”

⁸⁴ Senguva ino gore rapfuura, kana kuti vhiki kana 2 kumashure kwacho, pandakanga ndauya kucheche kuno ndikakuudzai kuti Ishe Mwari vakanga vandipa chiratidzo, chokuenda parwendo rwekunovhima, zvino imwe—imwe mhuka yandaizowana, yaizova nenyanga dzemainji 42 pairi. Zvino munzira yokudzoka kubva kunotora mhuka iyi (payaizenge yakarara, nzvimbo yayaizova iri), munzira yokudzoka ndaizouraya chitsere chipfumbu. Zvino ndakaenda kune imwe nzvimbo iyi, ndikataura kumurume wacho, zvino akati, “Handizive nezvemhuka ipi zvayo yakaita saiyo. Uye kana zviri zvechitsere chipfumbu, handisati ndamboona kana 1.”

Ndakati, “Asi pane imwe nzvimbo chinofanira kuvapo.”

⁸⁵ Saka akati, “Hatisi kutombopinda munyika yezvitsere. Tiri kukwidza kumakwai, kumusoro-soro kwakaperera sango remiti.” Zvino, ndakaenda naye.

⁸⁶ Nezuva rechipiri kunze ikoko, panzvimbo pachu chaipo, chaipo pakanga pataurwa naShe, hapo paiva parere mhuka yacho. Saka pandakaenda zvino ndokuuraya mhuka yacho, zvino patakanga tichibvisa dehwe nenyanga nezvimwe zvakadaro, pairi, akati, “Ndinoda kukubvunzai chimwe chinhu. Makandiudza, mazuva 3 apfuura patakabva pa—pamusasa,

kuti mushure mekunge mapfura imwe mhuka iyi, kuti munzira kudzokera muri ‘kuzouraya chitsere chipfumbu.’”

Ndakati, “Iyoyo iZVANZI NAJEHOVHA!”

⁸⁷ Akati, “Handisi kupokana,” akati, “nekuti munin’ina wangu anga aine pfari, uye makanga musati mambomuona muhupenyu hwenyu, pamaive muri kumusoro kuno imwe nguva, uye makandiudza kuti mukomana iyeye aizopodzwa kana ndaita chimwe chinhu. Zvino akapodzwa.” Akati, “Zvino, asi, Hama Branham, ndinoda kukubvunzai,” akati, “Ndiri kuona nzira yose kudzika gomo iro uko kunotangira sango remiti, pakamira mabhiza ayo. Uye hakuna chiriko ikoko. Hakuna kana katsuri kehuswa, hakuna kana dombo, hakuna kana chinhu.” Chikwindi, chinova mainji angaita 2 kureba, kumusoro kunotangira sango remiti, kwemaira imwe kana kupfuura kumusoro kwekunotangira sango remiti. Akati, “Ko chitsere ichi chichazova papi?”

⁸⁸ Ndakati, “Mwari ndiJehovha-jire. Kana Vakandiudza kuti kuchava nechitsere ikoko, pachava nechimwe ikoko.”

⁸⁹ Tichidzika gomo, pese pataisvika hafu yemaira kana zvakadaro, tichiswadera pedyo, akati, “Hama Branham, yava nguva yekuti chitsere chiya chionekwe.”

Ndikati, “Usanetseka, chichange chiri pano.”

⁹⁰ Zvino patakanga tava mumayadhi angangoita 500 kubva paive nemabhiza, taitofanira kuzorora zvakare nenyanga dzairema nezvinhu kumusana wedu. Zvino akatarisa-tarisa zvakare, ndikaona chiso chake paakanditarisa, sokunge pakadzika mumoyo make ainetseka. Munoono, akanga *achitarisira* kuti chaizovapo, asi akanga asina kiyi yacho.

⁹¹ Asi neimwe nzira, nyenyasha dzaMwari, haVana kumbobvira vakandirasisa. PaVakandiudza kuti paizova nechitsere chipfumbu ipapo, ndakanga ndine kiyi yacho. Handina kuzvipokana kana nepadiki zvapo, kana padiki zvapo. Ndakatendeuka kwaari, ndokuti, “Bud, chiri kuzovapo.” Zvino ndichingotendeuka chete, hecho chitsere chacho [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti] chimire kumusoro kwedu chaiko, angangoita mamita 800.

⁹² Akakurumidza kupfeka magirazi, akati, “Billy, zvechokwadi chaizvo, chipfumbu chakakura!”

⁹³ Munoono, kiyi, chiratidzo, Shoko raShe, hapana chinogona kuRishandura kana kuRimisa. Chinodiwa nechechi manheru ano haisi dzidzo. Chinodiwa nechechi manheru ano harisi sangano rechechi. Chinodiwa nechechi manheru ano hachisi chitendwa. Chinodiwa nechechi manheru ano ikiyi yeMagwaro, Mukova. Izvo, Kristu ndiye Mukova, uye iYe iShoko. Kutenda muShoko raMwari mupenyu kunokiinura mikova yose.

Mwari, tipeiwo kiyi yacho. Tipeiwo kiyi yacho.

⁹⁴ VaHebheru, chitsauko 12, inoti, “Tichiona kuti takakombwa negore guru rakadai rezvapupu, ngatibvisei zvose zvinoremera, nokusatenda kunongotishungurudza zviri nyore.” Rinoti “chivi,” zvinova izvo, *chivi* “kusatenda.” Maona? Chivi chimwe chete, ndiko kusatenda.

⁹⁵ Zvino *chivi* zvinoreva kuti “kupotsa chinangwa.” Sekuti uri kupfura, ukapotsa chipfuro, wotogadzirisa hako pfuti yako, munoona, nekuti pane chakakanganisika. Wapotsa chinangwa. Unoona, dzoka uedze zvakare. Maona? Zvinoreva kutendeuka, wapotsa chinangwa. Kana uchida kuva Mukristu, uye woenda kunojoinha chechi, wapotsa chinangwa. Kana uchida kuve Mukristu, uye wonge wasaswa muzita ra “Baba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene,” wapotsa chinangwa. Zviri nani kudzoka. Hausi kuzonanga chipfuro. Uchapotsa, zvechokwadi chaicho chakaperera. Pane Chinhu chimwe chete chinogona kukuchengeta mumutsara wakananga, iGwaro, Bhaibheri, Shoko. Nokuti, zvose matenga nyenika zvichapfuura, asi Shoko raMwari harizombopfuuri.

⁹⁶ Saka, bata kiyi, kutenda muShoko! Uye kese kakutenda kekuti unotenda, uye worega kupokana kana nepadiki zvapo, unogona kukiinura mukova wose wakamira pakati pako neropafadzo iro Mwari vanaro kuitira iwe. Dai Mwari vatibatsira kuti tigova nemakiyi, ndiwo munamato wangu. Ngatikotamisei misoro yedu zvino kuti tinamate.

⁹⁷ Baba vedu voKudenga, tinoKutendai manheru ano kuti Makatipa kiyi yekutiinurira kuruponeso. Ndi—ndinoKutendai nokuda kwazvo, Ishe, kuti takaponeswa, uye nokuda kwekiyi yatakwanisa kushandisa kusvika pari zvino. Asi, Mwari, tipeiwo kutenda, kuti rimwe nerimwe reMashoko aya akanyorwa muBhuku reNyu tusimbi tudiki tweroku, uye Kiyi iyi inonzi Jesu. . . Mukova uyu, ndinoreva kudaro, unonzi Jesu; uye kiyi, inonzi kutenda, inobata Shoko rose, inorikiinura. Inofambisa kasimbi kadiki ikako pasi uye tinogona kupinda muropafadzo iroro. Baba Vekudenga, ipaiwo kwatiri makiyi aya, kuti tigone kuva nekutenda muvimbiso dzaMwari, kuti kutenda kwedu kurege kukundika, kuti tigone kuva tinoshumira kwaMuri nekune avo vatinobata pamwe navo.

⁹⁸ Regererai chivi chese chekusatenda kwedu, Ishe, uye tibatsirei kuti tive veNyu. Tiri kuuya zvino kutafura yechirairo, uye ndinonamata, Baba voKudenga, kuti Mutiregererewo kudarika kwedu kwose, kuti tigone kupinda mumufaro wokuyanana tiri patafura yaMwari. Tinozvikumbara muZita raJesu. Amen.

⁹⁹ Hama yangu, hanzvadzi, kana uine kiyi iyi yekuHumambo, kiyi yepaMukova, kiyi yeruponeso, Mwari vakubatsirei kuvhura mikova uye motendera kuti Jesu apinde. NgaVape kwamuri zvinhu zvamuri kudai—kudai kushuvira.

¹⁰⁰ Zvino, chimbomirai zvishoma tisati tatanga kuverenga nezvechirairo, ndinoda kutaura chimwe chinhu nokuti chiri maringe nechirairo. Zvino patinouya paartari ino, pane nzira 1 yekuuya nayo, ndiyo, kana takabata kiyi yekutenda mumaoko edu, inotiita kuti tizive kuti zvivi zvedu zvakaregererwa. Uye kana tisina kiyi iyoyo yekukiinura Mukova iwoyo, kuti zvivi zvedu zvakaregererwa, hatifaniri kunge tiri patafura yaJehovha. Nekuti, uyo anodya nekuwa asina kufanira, anozvidyira nekuzvinwira kutongwa pachake, asinganzveri mutumbi waShe. Zvino, ndicho chokwadi.

¹⁰¹ Ndinofunga tose tinoziva kuti nhasi iZuva reNyika reChirairo. Ndiro zuva iro machechi ese anotora chirairo. IZuva reNyika reChirairo munyika ino yose. Zvino ndafunga kuti zvingava zvakafanira kutaura shoko 1 kana 2 pamusoro pechirairo tisati tachitora, apo mufundisi, kana vakadaro, vachigadzirira Magwaro kuti vaverenge hu—hurongwa hwetafura yaShe. Zvino, chirairo ichi...Zvino, ndiri kutora angangoita maminctsi 10.

¹⁰² Chirairo ichi chatiri kugadzirira kutora, ndicho chakava gakava guru pane dzidziso ipi zvayo iri muBhaibheri. Ndicho chaiva chavo...chimwe chemakakatanwa avo ekutanga muhechi yekutanga. Uye nhasi uno maProtestanti, eEpiscopaliani nemaMethodisti, uye mazhinji emachechi emaProtestanti, vanotogamuchira nemufaro chiKatorike, dzidziso yeRoma Katorike, kana vakakwanisa kuyambuka kadhunduru aka kadiki kechirairo. Asi vanobvuma kuti muprista anofanira kunge akaroora uye vave vashumiri, chechi yeKatorike yakabvumirana pane izvozvo kakawanda mumatare avo nemisangano. Vanobvumirana nazvo. Uye vanobvumirana pane minamoto yakasiyana-siyana, nezvimwe zvakadaro, chechi yechiProtestanti inobvumirana nazvo. Uye nemakatekazi nezvimwe zvakadaro, artari duku apo neapo, uye chechi yeKatorike yakazvipira kuti izviite. Asi kana zvasvika pachirairo, ipapo ndipo pavaakawa. Chero ani zvake akamboveenga nhoroondo anozviziva. Asi, honguka, nenzira yemafungiro angu, vanozova nezvakawanda zvekuzobva pazviri, ndisati nda—ndagona kuzvigamuchira, munoono, nokuti harisi Bhaibheri.

¹⁰³ Asi ndinoda kuti mutaure chinhu 1 kuchechi yeKatorike. Munoziva here kuti chechi yeKatorike, pakutanga, yaive chechi yevaapostora vepentekosti? Zvirokwazvo yakanga iri! Yaive kutanga-tanga chaiko kwechechi. Uye munoono uko ivo—uko ivo vakasvika, vakaramba vachibvisa Shoko nekupfekedzera dzidziso.

¹⁰⁴ Uye kana chechi yePentekosti ikavapo kwemamwezve makore 100, ichange yava kure neBhaibheri kudarika zviri chechi yeKatorike nhasi, nemafambiro airi kuita zvino.

¹⁰⁵ Zvakatorera chechi yeKatorike, mazana emakore akati wandei kuti ibve paRiri, makore 300, kubva pachechi yepakutanga kusvika pakuitwa sangano kwechechi yeRoma Katorike, yavakazotanga. Zvino vakabata, vachiunza varemekedzwa vakuru nezvimwe, uye vakabvisa *izvi* ndokuisa *izvi*, uye ndokubvisa *izvi* ndokuisa *izvo*, ndokubvisa zvimipunzo zvechihedheni ndokumisa zviumbwa zveChikristu, nezvimwe zvakadaro, uye vachingorerutsa paRiri kusvikira vasvika pane zvavainazvo zvino, chechi yeRoma Katorike.

¹⁰⁶ Uye chechi yeProtestanti yePentekosti kubva ma—makore 50 ayanga iripo, nepayakawa kubva payakatanga, ichange yave muchimiro chakawedzera kuipa kupfuura chechi yeKatorike, mumakore 100 kubva zvino. Ndizvozvo. Ishoko guru ringataurwe, asi chingotarisaipavakabva vachiwa. Vakanopinda musangano chaimo, vakanonyatsopinda pakurerutsa pane *izvi neizvo*, nezvimwe zvose. Zvino havoka vachienda, munoono, vachidzokera shure chaiko.

¹⁰⁷ Asi, *chirairo*, chinodanwa kuti “chirairo chaShe.” Zvino, vanhu vazhinji, vanoda kuchitora mangwanani. Hazvina kutaurwa muBhaibheri kuti kwaiva *kudya kwamangwanani* kwaKe. Uye kuti vanhu ava nhasi, vanongoramba havo vachitaura kuti “chirairo chaShe,” uye vasingadaro. Vakabvisa kuti *kudya kwemanheru*, ndokubva vakusiya, ndokukudaidza kuti “kudya kwemasikati,” hazvina maturo. Kudya kwemanheru!

¹⁰⁸ Zvino, nguva dzose rikava gakava munguva dzeBhaibheri, raiva gakava kareko. Vanhu havana kunzwisisa chirairo chaShe. Pavaiuya patafura, Pauro akaudza vaKorinde vava, vaiuya vachizodhakwa patafura yaShe. Munoono, hachina kunzwisiswa ipapo chaipo. Akati, “Kana muchida kudya, dyirai kumba.”

¹⁰⁹ Uye chimwe chinhu, hachina kunzwisiswa, kuti chaive chii. Vatadzi, nevanhu vairarama muchivi, vaiuya vatora chirairo. Zvino hachina kunzwisiswa. Mumwe murume aigara naamai vake, mudzimai wababa vake, uye chechi yakanga yamuudza nezvazvo; achiri kutora chirairo patafura.

¹¹⁰ Zvino paiva nokupatsanurana pakati pavo, uye vakanga vachiri kutora chirairo. Akati, “Ndinonzwisisa kuti munofamba samamwe Marudzi ese. Uye pane—pane kudhonzzerana pakati penyu, sezvazviri ku—ku kunyanya mumba maKefasi, nevamwe vakadaro.” Akati, “Munofamba semamwe Marudzi ese.” Munoono, hachina kunzwisiswa.

¹¹¹ Chirairo chagara chisinganzwisiswa. Zvino, ndinogona kuramba ndichitaura nezvazvo kwemaawa, asi tinofanira kutora chirairo ichi nekugezana tsoka. Zvino vakatosiya zvekugezana tsoka zvachose, asi kungosara kwemashoma emasangano. Vazhinji vemaPentekosti vakabva pakuri zvachose. Maona? Zvino zvichiri muBhaibheri semanyorerwo azvakaitwa. Maona?

¹¹² Zvino, Roma haichidani kuti “chirairo.” Vanochidana kuti “misa, imisa tsvene.” Havatori chirairo, vanotora misa. Imisa, uye misa zvechokwadi inobvisa chirevo chaicho kubva pachirairo. *Misa* zvinoreva “kutarisira.” Vanotora misa, vachitarisira (kuti mukuita izvi mumisa) kuti Mwari vachavaregerera zvivi zvavo, nokutora “mutumbi chaiwo waKristu, uyo muprista anoshandura kuva Mutumbi neRopa zvaKristu,” vachitora izvozvo, vachitarisira kuti Mwari vachavaregerera zvivi zvavo mukudaro. Imisa.

¹¹³ MaProtestanti vanochidana kuti “chirairo.” Chirairo zvinoreva kuti “kupa kutenda.” Kuti muProtestanti... MuKatorike ari kutora misa, mumisa aine tariro yokuti Mwari vanovaregerera pane zvakaipa zvavakaita. MuProtestanti anochitora nekutenda pane zvakatoitwa kare nekuyanana naMwari; kuyanana naVo, kuti zvakatoitwa. MuKatorike ari kutarisira kuti zvinoitwa; muProtestanti anoti zvakatoitwa kare. MuKatorike haasi kunyatsoziva kana zvivi zvake zvakaregererwa; muProtestanti ari kupupura kuti vakaregererwa, kuti akasunungurwa. Uye chirairo kuyanana naMwari. Uye zvinhu izvi zvatinotora, kwete *netariro* yekuti zvivi zvedu zvinoregererwa, asi kuti *zvakaregererwa*. Nokuti izvo... Mumwe itariro; uye mumwe wacho kutenda. Mumwe ane tariro yokuti zvaari kuita ndizvo; uye mumwe wacho anoziva kuti zvaari kuita ndizvo. Maona? Mumwe wacho, mumwe ari kutarisira, nokuti haazivi paakamira; mumwe wacho anoziva kuti zvaari kuita ndizvo, nokuti anoziva zvakataurwa naMwari. Ndzvozvo. Ndiwo musiyano wacho. Saka, kana uri kungotarisira, chenjerera; asi kana uchiziva, zvino pfuurira mberi. Munoono, zvino wava mukuyanana naMwari. MuProtestanti ndiye, anoti akaregererwa uye anozviziva; muKatorike ane misa, anotarisa kuti acharegererwa. Zvakangofanana nekudai: mumwe mupemhi, aine tariro yekuti zvinhu zvose zvakanaka, munoono; mumwe wacho mupemhi achitenda nokuda kwezvakatoitwa kare. Vose vari 2 vapemhi. Asi mumwe ari kupemha, achitarisira kuti achazviwana; mumwe mupemhi anoziva kuti anazvo, uye ndokuVatenda nokuchipa kwaari. Zvino, hoyo musiyano. Ndicho chirairo. Hongu, changamire. Mumwe ari kutarisira kuti anoregererwa; mumwe wacho anoziva kuti akaregererwa, uye achipa kutenda nokuda kwazvo.

¹¹⁴ Saka, chirairo ndechekristu vakazvarwa patsva neMweya waMwari. Zvino *kuzvarwa patsva* hazvireve kuti zvino wava neMweya Mutsvene. Zvino rangarirai. Zvino, vazhinji vanodzidzisa izvozvo. “Handizive ani zvake anozvidzidzisa sezvizvi,” sekutaura kwakaita mutana Hama Arganbright manheru aya vari papurupiti pano, munoono. Asi, kuzvarwa patsva harwusi rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene. Magwaro haazvitsigire, handifungi kudaro, munoono, pamaonero

andinozviita. Maona? Ndinotenda kuti unozvarwa patsva . . .

115 Uye ndicho chikonzero ndichishandisa shoko rekuti rubhabhatidzo muZita raJesu Kristu, asi kwete kuitira kuvandudzwa. Zvino, vePentekosti, chechi yeUnited Pentecostal, inobhabhatidza muZita raJesu Kristu kuitira kuvandudzwa. Handitendi izvozvo. Uye vanogona kuzviita kana vachida. Asi ndinotenda kuti Petro akati, “Tendeukai,” kutanga. Mvura haibvise zvivi. VeChurch of Christ vanozviparidza saizvozvo. Asi ndinotenda kuti kutendeuka, kubatikana kwehumwari; *kutendeuka* zvinoreva kuti “komuka, dzokera,” wapotsa chinangwa, “tanga patsva zvakare.” Ita izvozvo kutanga! Zvino rubhabhatidzo rwako mumvura kunongova kupupura kwekunze kwechimwe chinhu chakaitwa mukati mako, kuti wakagamuchira Kristu seMuponesi wako.

116 Ndinodaira kuti ingori chechi pano manheru ano, sekuziva kwangu, handisi pano kakawanda kuti ndizive kuti ndiani anouya kana asingauye. Ndakawana kakutsoropodzwa zvishoma pano nguva shoma yapfuura pamusoro pekubhabhatidza mumwe murume mudziva, mumwe mutana. Zvino ndakaenda kwaari, akanga ari mutana akanaka. Ndakava neropafadzo rokutungamirira mhuri yake yose kuna Kristu, vose vave Makristu. Mutana uyu aiva mutana akanaka, uye ndaimufarira, saka ndakaenda kwaari ndikati kwaari, “Papa, seiko musingave Mukristu?” Anondida.

117 Akati, “Hama Branham, ndichazova Mukristu kana ndava akanaka zvakakwana.”

118 Ndakati, “Ndikuudzei zvamunoita, Papa. Imi tsvagai kwese kusvika mawana pamunogona kuva makanaka zvakakwana, mozondiudzawo kuti nzvimbo yacho iri kupi, ndinoda kuendawo, zvakare.” Ndikati, “Kristu haana kuuya kuzoponesa munhu akanaka. Akauya kuzoponesa munhu akaipa.” Paunofunga kuti wakanaka, zvino haAna kuuya kuzokuponesa. Akauya kuzoponesa avo vaAnoziva kuti vakaipa. Maona? Kristu akafa kuti aponese vatadzi. Maona? Ini ndikati, “Papa, pane mutsara uripo pano.”

Akati, “Asika, ndinoputa midzanga iyi.”

Ini ndikati, “Handisi kuzombotaura nezvayo.”

Akati, “Ndakaedza kuisiya, Hama Branham.”

Ndikati, “Zvakanaka, hatisi kuzotaura nezvemidzanga.”

Akati, “Zvino, pandinogona . . .”

119 Ndikati, “Musa—musachataura zvimwezve pamusoro payo, isiyei yakadaro. Ndinoda kukubvunzai mubvunzo.”

Akati, “Zvakanaka, ndewekuti kudii?”

Ndakati, “Munotenda here kuti kuna Mwari?”

120 Akati, “Zvirokwazvo, ndinozvitenda.” Akati, “Ndinozvitenda nesimba sezvamunoita, ndingafungidzira, Hama Branham.”

121 Ndikati, “Munotenda here kuti Mwari mumwe chete iyeye akabuda mune zvaAive ndokuitwa nyama uye akagara pakati pedu mumunhu waJesu Kristu, kuitira kuti aponese munhu?”

Akati, “Hongu, ndinozvitenda izvozvo.”

“Uye Akafa kuti aponese vatadzi sezvamuri uye seni?”
Maona?

“Hongu, ndinozvitenda izvozvo.”

122 Ndakati, “Zvino, zvakangofanana neizvi. Tese tiri muchivakwa chikuru chiri kuno, uye tiri mujeri, uye handikwanise kumira mukona iyi ndoti ‘*ichi* chichandibatsira kubuda mujeri,’ ndomira mukona iyo ndoti ‘*icho* chichandibatsira kubuda mujeri,’ tose tiri muchimiro chakaoma chimwe chete. Uye munhu wose akaberekwa munyika ino akaberekerwa muchivi, akaumbwa mukusarurama, akauya munyika achitaura nhema. Mupanduki, kubva pakutanga.”

123 Mumwe munhu akabvunza rimwe zuva, akati, “Hama Branham, kana . . . pangava nemusiyano here pakati paAdhama naEvha, nevana vavo nhasi, dai vose vainge vakashama, vachifamba mune . . . Mitumbi yavo ingava—ingava yakafanana here?”

124 Ndakati, “Kwete, changamire.” Takanga tiri kuuya kumba tichibva kunovhima tsindi, Hama Fred neni, neboka ravo. Ndakati, “Kwete, havaizonge vakafanana.”

125 Vakati, “Munoreva here kuti Evha aisazova mukadzi sevanasikana vake, uye Adhamu aisazova murume sevanakomana vake?”

Ndikati, “Mune zvinhu zvakawanda, asi kwete mune zvose zvepanyama.”

Akati, “Musiyano ungava wei?”

126 Ndakati, “Vangadai vasina kana guvhu. Ivo vakasikwa. Ndizvozvo. Vakanga vasina kubatanidzwa nechinhu chipi zvacho.”

127 Chero bedzi iroto riripo pazvinhu zvose zvinozvarwa munyika ino, rinoratidza kuti mupanduki, pakutanga kwacho. Ndizvozvo. Ndakati, “Chokwadi, pane musiyano. Vangadai vasina guvhu. Havana kubatanidzwa nemunhukadzi upi zvake, kuti vauye pano.” Munoono, Mwari vakavasika.

128 Zvino, ndakati, “Ndinoda kutaura chimwe chinhu. Munhu wese ari mujeri rino, ndiani mutsvene? Ndiani asina kuzvarwa nekusangana pabonde? Ndiani angabatsira mumwe, zvisinei nokuti ndiani? Tese tiri mujeri rimwe chete iri. Asi Mwari vakaZviita chimwe chezvisikwa zvaVo ndokuuya zvinodarika

kusangana pabonde, kubudikidza neRopa dzvene raVakasika pachaVo, uye kubudikidza neRopa iroro Vakatifidzikinura.” Ndakati, “Munozvitenda here, Papa?”

Vakati, “Ndinozvitenda izvozvo.”

129 Ndikati, “Kristu akafira munhu akaipa semi. Zvino, pane nzira imwe chete yekuita nayo. Hapana chimwe chamunokwanisa kuita. Anoipa kwamuri. Hamugone kuikodzera. Hapana chamungaite kuti muiwane. Anongoipa kwamuri. Mungagamuchira here zvaAkakuitirai, kukuchengetai kubva kugehena?”

130 Vakati, “Ndichaita izvozvo.” Vakati, “Asi dai ndikangokwanisa kusiyana nemidzanga iyi.”

131 Ini ndikati, “Midzanga ichazvigadzirisa yoga. Imi chingo. . . Handisi kukukumbirai. Handisi wemurairo. Ndinotenda munyasha. ‘Uye vose vaNdakapihwa naBaba vachauya kwaNdiri.’” Ndakati, “Kana muchitenda izvozvo nemoyo wenyu wose!”

Vakati, “Nemoyo wangu wese, ndinozvitenda.”

132 “Zvino muchazvigamuchira here pahworo ihwohwo, hwekuti hamuna kuzvikodzera, asi iYe ndiYe akakodzera? Musazvitarisa imi pachenyu; tarisai kwaAri, nokuti hapana chamungazviitira pachenyu. Tarisai iYe akakuitirai chimwe chinhu. Ko munoti kudii naYe?”

“Oo,” vakati, “Akakodzera.”

Ndikati, “Ndizvozvo, zvino gamuchirai zvaAnokupai.”

Vakati, “Ndinodaro.”

133 Zvino ndakavabhabhatidza muZita raJesu Kristu. Zvino ivo ndokubuda muno vakanobatidza mudzanga.

134 Mavhiki mashoma apfuura ndakanga ndiri zasi kumusha kwavo. Ndakaona chiratidzo humwe husiku, chemuti unogara wakasvibira uchitemwa, ndokusunamiswa. Ndakaona mapuranga akarovererwa pauri. Pedyo nepuranga rekupedzisira paive nepuranga raioneke. Uye zasi-zasi kwepuranga iroro, kudzika kumucheto chaiko, richibuda sezvizi, muti wakatyokera ipapo chaipo. Zvino Inzwi rakati, “Anga achifanira kunge ari iwe,” kana kuti, “Angadai ari iwe.” Zvino Papa Cox vakadonha, ndokukuvara musana wavo seri uku. Zvino saka mangwanani akatevera vakaunza midzanga yavo kwavari pavakanga vari pamubhedha, havi yacho yakanga yavasiya. Mavhiki apfuura! Havana kumboravira mumwe, havatombodi mumwe zvayo kana chimwewo chinhu. Maona? Zvino ndakavaona nguva shoma yapfuura, apo maoko avo anga akangoita bhurauni kwese-kwese, mavhiki mashoma apfuura, nemidzanga, uye zvino havatombodi kuti mumwe uve pedyo navo. Isa zvinhu zvekutanga kutanga! Usaedza kuva wakanaka; wakaipa, kubva pakutanga chaipo, uye hapana chaungagone

kuita. Pane muganhu unoparadzanisa, zvino vanhu vose vari kudivi iroro.

¹³⁵ Zvino, pandakazvarwa munyika ino, paive pakati pemuchato mutsvene, pakati pababa naamai vangu; muchizvaro chavo maive nezai, munhengo dzababa vangu maive nechizenga cheropa. Hupenyu hwangu hwakaumbwa nechizenga cheropa ichocho (kwete nezai raamai vangu), nechizenga cheropa rababa vangu. Zvino chizenga cheropa ichocho pachakapinda munzvimbo yacho chaiyo kuti chisangane nezai, pachakadaro, masikirwo akarairwa kuna Mwari kuti andipe mutumbi. Uye ipapo ndakazobva ndaberekerwa murudzi rwevanhu, ndakapihwa mukana weku—wekuva munhu ane njere dzakapinza sezviri vanhu, kwandaizogona kutyaira mota, kana kuita zvinhu sezvinoita vanhu, kufamba, kutaura, kutyaira motokari, nezvimwe zvakadaro. Ndakapihwa izvozvo, nokuti ndakaberekerwa mumhuri yavanhu, uye ndikapihwa simba renjere dzakatesva kuti ndive munhu.

¹³⁶ Zvino, pandakazvarwa mumhuri yaMwari, ndakauya kubudikidza neRopa, Ropa rakandipa Hupenyu. Zvino mushure mekunge ndava mupenyu muna Kristu, Akandibhabhatidza neMweya Mutsvene nesimba, kuti ndive mwanakomana waMwari. Zvino, sezvingori kuti ndinogona kufamba, kutaura semunhu, kutyaira mota yangu semunhu, zvino kana ndagamuchira Mweya Mutsvene, ndinogamuchira simba rekudzinga madhimoni, kutaura nendimi itsva, kuparidza Evhangeri, kupodza vanorwara. Ndakabhabhatidzwa! Kwete kuzvarwa; asi kubhabhatidzwa!

Vakanga vakaungana mukamuri yepamusoro,
Vese vachinamata muZita raKe,
Vakabhabhatidzwa noMweya Mutsvene,
Zvino simba rekushumira rikauya.

¹³⁷ Amen. Unotenda kuHupenyu Husingaperi, uye unozvarwa patsva nokutenda kwako. Jesu akati, muna Johane 5:24, “Ani naani anonzwa maShoko aNgu uye achitenda kuna iYe akaNdituma, ane hupenyu husingaperi,” kwete Mweya Mutsvene, anongova nehupenyu husingaperi. Anozvarirwa mumhuri yaMwari. Uye ozobva abhabhatidzwa muMweya Mutsvene, nesimba rehuchenjeri hwekutenda, kutenda Evhangeri nokuRiita kuti rishande nokuita kuti Riite zvakanaka. Amen. Anobva aita semwanakomana waMwari. Zvino anokwanisa kudzinga madhimoni. Jesu akati, “Zviratidzo izvi zvichavatevera!” Maona? “MuZita raNgu vachadzinga madhimoni, votaura nendimi itsva, vachabata nyoka, vachanwa zvinhu zvinouraya.” Munoono, anogamuchira simba neMweya Mutsvene, kuti aite zvinhu izvi.

¹³⁸ Zvino, paAkaenda, Akati, “ZvakaNdinakira kuti Ndiende. Nokuti, kana Ndikasaenda, Mweya Mutsvene haungauyi.”

Maona? Zvino paAnouya, Achatsiura nyika pamusoro pechivi, nekudzidzisa kururama, nekukuratidzai zvinhu zvichauya (ndizvo zviratidzo). “Achatora zvinhu zvaNdakakudzidzisa, uye ozvizarura kwamuri.” MaShoko chaiwo okuti Akauya... Hapana munhu anogona kunzwisisa Shoko asina rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene. Zvino kana munhu achiti ane rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, uye opikisa Shoko kuva rechokwadi, pane chimwe chinhu chakatsveyama.

¹³⁹ Pauro akanga ari mutsoropodzi weTestamende Itsva. Yakanga isiri, Testamende Itsva yakanga isati yanyorwa. Pauro akanga ari mutsoropodzi weChikristu, Sauro. Zvino paakagamuchira Mweya Mutsvene, akaenda zasi kuAsia kwamakore 3 ndokunonzvera Magwaro, nokuti aive akadzidziswa naGamarieri, mudzidzisi mukuru. Zvino paakadzoka, uye makore 14 pamberi apo, akaenda kumusoro kundosangana naPetro kuJerusarema, ndokuona kuti vaive Shoko neShoko Vhangeri rimwe chete. Mwari mumwe chete akaita kuti Petro aparidze pazuva rePentekosti uye akavaudza kuti vatendeuke uye vabhabhatidzwe muZita raJesu Kristu, Mweya Mutsvene mumwe chete iwoyo wakazvizarura kuna Pauro, zvino akavaudza muna Mabasa 19 mushure mokunge vambobhabhatidzwa imwe nguva naJohane, akati, “Munofanira kubhabhatidzwa zvakare, muZita raJesu Kristu.” Maona?

¹⁴⁰ Munoono, Mweya Mutsvene unogara chaipo paMagwaro. Kutenda maUri kunozarura chese chakavanzika. Ameni. Bhaibheri rakati, muna Johane Wokutanga 5:7, “Kune 3 vanopupura, Kudenga: Baba, Shoko (raiva Kristu), neMweya Mutsvene. Ava 3 ava Mumwe.” “Uye kune 3 zvinopupura panyika: mvura, Ropa, Mweya. Izvi 3 izvi hazvisi chinhu chimwe, asi zvinotenderana muhumwe.” Zvino, haukwanise kuva naBaba usina Mwanakomana, haukwanise kuva neMwanakomana usina Mweya Mutsvene; Ivo Mumwe. Asi unogona kururamiswa usina kucheneswa, uye unogona kucheneswa usina Mweya Mutsvene. Kucheneswa kunoitwa neRopa, kubudikidza neRopa kunouya Hupenyu. Maona? Uye Mweya Mutsvene ndiwo simba raMwari, munoono, simba rakapihwa kuchechi.

¹⁴¹ “Muchagamuchira” (chii?) “simba,” Mabasa 1:8, “mushure mekunge Mweya Mutsvene wauya pamusoro penyu. Muchagamuchira simba!” (Kwete “muchazvarwa patsva.”) “Muchagamuchira simba mushure mekunge Mweya Mutsvene wauya pamuri. Zvadaro muri zvapupu zvaNgu muJerusarema, muJudhea, nomuSamaria, kusvikira kumagumo enyika.” Maona? Unogamuchira simba mushure mekunge wagamuchira Mweya Mutsvene. Asi chokutanga unofanira kugamuchira Mweya Mutsvene, zvino ndiro simba raMwari, munoono, rinoratidza uye nokuita. Uri—uri... sezvo wakanga uri munhu, uye ukadzidza kutaura nokufamba nokuita zvinhu zvinoitwa nomunhu; pamunobhabhatidzwa

neMweya Mutsvene, munopihwa simba rekuita sevanakomana nevanasikana vaMwari. Ndosaka vanhu vachizvibata nekuita nenzira yavanoita nayo nhasi, havana kumbozadzwa neMweya Mutsvene. Dai vakadaro, vaizozvibata zvakasiyana. Vanozviti vanawo, asi Jesu akati, “Muchavaziva nezvibereko zvavo.” Saka ungasvika sei, munooni, zvose zvinongova nyonga-nyonga. Maona? Asi dzoka kune chokwadi!

¹⁴² Zvino, kana uchifamba wakatwasuka uye uchiti uri Mukristu, tinokukoka manheru ano kutafura yaShe. Nhasi, pasina kupokana, chirairo chatorwa munyika yose, vamwe vavo neimwe nzira uye vamwe neimwewo. Asi ndinofunga kuti nzira yakanakisa yekuzviita kutevera Magwaro, nenzira yavakangozviita nayo muMagwaro. Ndinofunga kuti zvinenge zvakakwana.

¹⁴³ Mune Bhaibheri renyu here, Hama Neville? Hama Neville zvino vachaverenga Magwaro.

[Hama Neville vanoti, “Muchitsauko 11 cheVaKorinde Vokutanga, kutangira pandima 23:”—Mupepeti]

[Nokuti ini ndakagamuchira kunaShe icho chandakakupaiwo, Kuti Ishe Jesu nousiku humwe chetehwo hwaakatengeswa akatora chingwa:]

[Zvino akati avonga, akachimedura, akati, Torai, mudy; uyu ndiwo muviri wangu, unomedurirwa imi: itai izvi muchindirangarira.]

[Nenzira imwe cheteyo zvakare akatora mukombe, mushure mekunge adzvuta, achiti, Mukombe uyu ndiyo sungano itsva muropa rangu: itai izvi, nguva dzose kana muchiunwa, muchindirangarira.]

[Nokuti nguva dzose kana muchidya chingwa ichi, nekunwa mukombe uyu, munoratidza rufu rwaShe kusvikira achiuya.]

[Naizvozvo mumwe nomumwe anodya chingwa ichi, nekunwa mukombe uyu waShe, asina kufanira, achava nemhosva yomuviri neropa raShe.]

[Asi munhu ngaazviongorore, uye zvararo ngaadye chingwa ichocho, nokunwa mukombe iwoyo.]

[Nokuti anodya nokunwa asina kufanira, anozvidyira nokuzvinwira kutongwa, asinganzveri muviri waShe.]

[Nemhaka iyi vazhinji varipo pakati penyuru vane hundonda uye vanorwara-rwara, uye vazhinji vavete.]

[Nokuti dai taizvinzvera, hataizotongwa.]

[Asi kana tichitongwa, tinorangwa naIshe, kuti tirege kutongwa pamwe chete nenyika.]

[“Ishe varopafadze kuverengwa kweShoko raVo.”]

144 Chinogara chiri chinhu chitsvene, chinhu chinoyera, ndinofunga kuti tinofanira kukotamisa misoro yedu zvino tichinamata chinyararire. Imi ndinamatirei, ini ndokunamatiraiwo. Ngatinamatiranei, kuti Mwari vatinzwire tsitsi isu zvisikwa zvisina kukodzera izvo zvava kuda kutora chitevedzwa chikuru ichi mukurangarira rufu rwaShe wedu.

145 [Hama Branham vanombomira vachiita munamoto chinyararire. Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti] Munamoto uyu wekureurura tinoupa kwaMuri, Baba vedu, paartari yeNyu yendarama, nechipiriso chedu, Ishe Jesu. Tinozvikumbara muZita raKe. Amen.

146 Zvino ndinotenda kuti maeredha achatora nzvimbo yavo, uye vacha. . .vechечи, uye vachaunza vanhu kuno vachiuya, mutsara nemutsara, kuchirairo. Ndogara ndichifunga nezve rwiyo rwuya:

Gwayana rinodikanwa riri kufa, Ropa reNyu
rinokosha
Harizomborasikirwi nesimba raro,
Kusvikira Chechi yose yaMwari
yakadzikinurwa
Yaponeswa, zvekusazotadzazve.

Ngatikotamisei misoro yedu.

147 Baba vane Nyasha uye Vatsvene, Jehovha, Samasimba mukuru, tumirai maropafadzo eNyu pavanhu veNyu apo takamirira. Tiregerereiwo zvivi zvedu. Uye zvino tinopa kwaMuri chakayereswa ichi, waini iyi, mazambiringa akarimwa, uye maoko evashumiri akapwanya aya pamwe chete. Uye ikaitwa waini nechikonzero chatiri kuiinzira kwaMuri zvino, kuti igomiririra kwatiri Ropa raShe wedu Jesu Kristu. NdinoKukumbirai, Baba, kuti muchenese waini iyi kuitira chinangwa ichocho. Regererai chivi chedu chose. Uye dai munhu wose anogamuchira waini iyi kumutumbi wake, dai vakava nehutano, simba, neruponeso kubva kwaMuri. Zviitei, Ishe. Tinozvikumbara muZita raJesu. Amen.

148 Bhaibheri rakati paAkamedura chingwa uye akachiropafadza, akati, “Torai mudye, uyu ndiwo Mutumbi waNgu unomedurirwa imi. Itai izvi muchiNdirangarira.” Zvino kana tichitora zvimezu zvidiki izvi zvechingwa, chekosha, chakagadzirwa chisina mberiso, chinogadzirwa neMakristu, chakagadzirwa nekuti chino—chinomiririra Mutumbi waKristu. Tinozvinzwisisa kuti—kuti vaive vadzidzi vezuva raKristu, kana zuva rechechi, vakatora migove iyi ndokugadzirira chirairo pachirairo chokupedzisira, pachirairo chokupedzisira chaKristu. Zvino mukufamba nemuBhaibheri rose, vaive vadzidzi vaishumira zvinhu izvi kuvanhu. Uye nhasi, vadzidzi vedu vemuzuva rino ranhasi, hama dzedu dzezano

pachechi, vadzidzi veChiitiko ichi, vanoshumira kuvanhu. Zvino vachatora migove iyi vopa kuvanhu.

¹⁴⁹ Uye zvino pamunogamuchira chingwa ichi, rangarirai, chinomiririra Gwayana. Makore mazhinji kwazvo akapfuura apo gwayana reIsraeri rakagochwa pamoto, uye rikatorwa nemiriwo inovava, vanhu vakava nesimba; shangu dzavo hadzina kumbosakara, nguwo dzavo hadzina kubvaruka, murwendo rwose kusvikira vasvika kunyika yavo yechipikirwa. Dai Mwari vatichengeta tiri vatano, tichifara, tichiVashumira kusvikira tasvika kuNyika Yechipikirwa yaVakatipa.

Ngatinamatei.

¹⁵⁰ Baba veKudenga vane Nyasha, apo ndiri kutaura manheru ano nezveMutumbi iwoyo Mutsvene, wakacheneswa waIshe vedu, maAri makagara huzaro weHumwari, pandinofunga nezveMutumbi iwoyo wakaunyana uye—uye wakamedurwa, neRopa richijuja, kumusana kwaKe nembabvu dzaKe dzichitoonekera, nemumavanga ekurohwa kumusoro nezasi kwemusana waKe, kana ndikafunga nezvechingwa chakaunyana ichi, chakarohwa chinomiririra iwoyo, zvinodzoka kuva zvitsva mumwoyo yedu, tinoisa moyo yedu, Ishe, paartari yeNyu manheru ano. Tiregerereiwo, O Mwari. Uye dai chingwa ichi chakamedurwa, pachinopinda mumuromo yeava, varanda veNyu, zvino dai vacherechedza kuti wakanga uri Mutumbi weNyu wakakosha wakakuvadzwa nokuiswa mavanga, uye nemavanga takapodzwa. Zviitei, Ishe. Chenesai chingwa chekosha ichi kuchinangwa chacho. Tinokumbira muZita raJesu. Amen.

Chimbomirai zvishoma.

¹⁵¹ Hachisi chirairo chevakaasarudzwa. Mutendi weChikristu wese anogamuchirwa kutafura yaShe, kuti ave nokuyanana uku pamwe nesu...?...



62-1007 Kiyi YepaMukova
Branham Tabhenakeri
Jeffersonville, Indiana U.S.A.

SHONA

©2024 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa nevekuVoice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.

www.branham.org